# BAS MAQALA

## «ЖАҢА ӨЗБЕКСТАН-УШИНШИ РЕНЕССАНС» ИДЕЯСЫН ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎ СТРАТЕГИЯСЫ

***(Президент Шавкат Мирзиёевтиң «Жаңа Өзбекстан стратегиясы» атлы китабының тарийхый әҳмийети ҳаққында)***

**С.Абаев –** *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
**Е.К.Алламбергенов –** *педагогика илимлери бойынша философия докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
**М.А.Якубов –** *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

Өзбекстан мәмлекети ғәрезсизликти беккемлей отырып, табыслы түрде демократиялық, ҳуқықый, әдалатлы, адамгершиликли пуқаралық жәмийет қурып атыр. Ғәрезсизлик жылларында журтымызда жаңа мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурыў жолында уллы ислер әмелге асырылды, күшли, үлкен шеклерге ерисилди. Өзбекстан суверен мәмлекет сыпатында дүньялық Аўқам тәрепинен тән алынды. Елимизде заманагөй жәмийеттиң тийкарлары жаратылып, шын мәнисиндеги Конституциялық мәмлекет қурылды. Турмысымызға дүньялық стандартларға сай базар экономикасы қатнасықлары кирди. Журтымызда **«Миллий тиклениўден – миллий раўажланыўға қарай»** деген идеяның әҳмийети барған сайын артып, соның нәтийжесинде әййемги тарийхымыз, бай мәдений мийрасымыз, миллий ҳәм диний қәдриятларымыз, өзлигимиз тикленди.

Соңғы бес жыллықта елимиз раўажланыўында пүткиллей жаңа басқыш басланды. Президентимиз Шавкат Мирзиёевтиң усынысы менен қабыл етилген **«2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес үстинликке ийе бағдар бойынша Ҳәрекетлер стратегиясын»**да Жаңа Өзбекстанды жаратыў ең тийкарғы стратегиялық мақсет етип ортаға қойылды ҳәм ол табыслы әмелге аспақта.

Президентимиз Шавкат Мирзиёевтиң жақында «Oʻzbekiston» баспасында басылып шыққан **«Жаңа Өзбекстан стратегиясы»** атлы китабы Кирисиўден, 7 бөлим, 44 параграфтан ҳәм жуўмақлаўдан турады. Оларда Жаңа Өзбекстанды ҳәм Үшинши Ренессанстың фундаментин жаратыў бойынша әмелге асырылып атырған түпкиликли өзгерислер ҳәм реформалардың мақсети, мәнис-мазмуны, үстинликке ийе бағдарлары ҳәм миллий раўажланыўымыздың ығбаллары кең түрде додаланған. Журтбасшымыздың бул мийнети Жаңа Өзбекстанның ҳәзирги заманға сай демократиялық келбети қалай жаратылып атырғанлығын көрсетиў менен бирге, ол елимизди жаңа басқышқа көтериў ушын белгилеп алынған стратегиялық жолымыз ҳаққында бир пүтин, терең көзқарасты қәлиплестириўге хызмет етеди. Китапта атап көрсетилгениндей, пүткил әлем өзгерип турғанындай адамзат жәмийети де раўажланып бир басқыштан екинши басқышқа өтип уллы өзгерислерди бастан кеширип турады. Айырым халықлар тарийхында сондай жаңаланыўлар дәўири болады, бунда халық өзиниң экономикалық ҳәм мәдений-илимий раўажланыўында ең жоқары шыңларға ериседи. Дүньяда тек айырым халықларға ғана несип ететуғын бундай жоқары көтерилиў ҳәм раўажланыў дәўирлери Ояныў ямаса Ренессанс дәўири деп аталады. Бул дәўирде халық өз миллий идеясы ҳәм идеологиясы арқалы бирлеседи ҳәм уллы табысларға ериседи.

Өзбекстан халқы өз тарийхында усындай еки Уллы Ояныў дәўирин бастан кеширген: Бириншиси IX-XII әсирлер (мәрипетлилик дәўири) ҳәм екиншиси XIV-XV әсирлер (Темурийлер дәўири) болып, олар дүнья көлеминде тән алынған шынлық. Ҳәзирги дәўирде Ҳүрметли Журтбасшымыз Шавкат Мирзиёев басшылығында халқымыз Жаңа Үшинши Ояныў дәўирине қәдем баспақта. Ҳақлы түрде бүгинги раўажланыў басқышымыз «Жаңа Өзбекстан» ҳәм «Үшинши Ренессанс» сөзлери менен белгиленип, халқымызды жаңа мақсетлерге ҳәм шеклерге бағдарламақта.

Китапта айрықша атап көрсеткениндей **«Жаңа Өзбекстанды жаратыў бул әйтеўир тилек-қәлеў, субъектив қубылыс емес, бәлким түпкиликли тарийхый тийкарларға ийе болған сиясий-ҳуқықый, социаллық-экономикалық, мәнаўий-мәрипий жағдайдың өзи талап етип атырған, халқымыздың әсирлик арзыў-умтылысларына сай, оның миллий мәплерине толық жуўап беретуғын объектив зәрүрлилик болып табылады».** Автор Өзбекстанның ҳәзирги дәўирдеги демократиялық раўажланыўы туўралы сөз еткенде «Жаңа Өзбекстан стратегиясы қандай болыўы керек?», «Жаңа Өзбекстан түсиниги нени аңлатады?», «Раўажланыўдың жаңа басқышы қандай айрықшалықларға ийе?», «Жәмийеттиң жаңа келбети» дегенде нелер нәзерде тутылмақта?», «Үшинши Ренессанс фундаментин жаратыў идеясы қандай мақсет-мәплерди аңлатады?» сыяқлы сораўлар көпшиликти қызықтыратуғынлығын атап көрсетип, китапта оларға терең ҳәм илимий дәлилленген жуўаплар бериледи.

Китаптың **«Жаңа Өзбекстан стратегиясы»** деп аталған бөлиминде «Жаңа Өзбекстан» халқымыздың арзыў-әрманы екенлиги, Жаңа Өзбекстан феномениниң мәнис-мазмуны, Жаңа Өзбектанда әмелге асырылып атырған реформалық илажлар кең түрде сөз етилген. **Дүньядағы барлық халықлардың раўажланыўы менен байланыслы арзыў-әрманлары бар болғанындай, бизиң халқымыздың әдиўли арзыў-әрманы бар. Ол – Жаңа Өзбекстан!** Бул түсиникте халқымыздың әзелий үмит-нийетлери, және де жоқары шеклерге қарай умтылыўлары, мақсетлери өз сәўлесин тапқан. Әййемги тарийхымыздағы **«Авесто»**да ортаға қойылған **«Әдиўли пикир, әдиўли сөз ҳәм әдиўли әмел»** принципи нен басланған Ўатансүйгишлик ҳәм инсаныйлық идеялары журтымыз раўажланыўының түрли басқышларында жасаған миллетимиздиң жетик ўәкиллери тәрепинен әмелге асырыў ушын ҳәрекет етип келинди. Халқымыздың арзыў-әрманы биринши Ренессанс дәўириниң Уллы ойшыллары Имам Бухарий, Имам Термизий, Хорезмий, Фарабий, Ферғаний, Матуридий, Беруний, Ибн Сина, Замахшарий, Нажмиддин Кубра, Ахмәд Яссаўий, Баҳаўәддин Нақшбәнд ҳәм т.б. көплеген алым ҳәм уламалардың идеяларында өз сәўлесин тапты. Бул арзыў-әрманы Амир Темур бабамызды жәҳән сахнасына алып шықты ҳәм Темурийлер Ренессансы – екинши Ояныў дәўирин пайда етти, орайласқан қудиретли мәмлекет ҳәм нызам үстин болған әдалатлы жәмийет дузиўде өз көринисин тапты. Халқымыздың арзыў-нийетлери Улуғбек Академиясының ағзаларының мийнетлеринде раўажланды, Алишер Наўайы ҳәм Бабурдың әдебий шығармаларында жүзеге шықты. Адамларымыздың әдиўли идеялары Қарақалпақстанда атақлы улама-ойшыл «Ҳәким ата» - Сулайман Бақырғаныйдың, Бердақ ҳәм Әжинияз усаған уллы шайырлардың пайда болыўына алып келди. Президентимиздиң сөзи менен айтқанда **«Усылайынша узақ өтмиштен ҳәзирги дәўирге шекем миллий ойпикиримиз негизинде қәлиплесип келген, түрли идея ҳәм әмелий ҳәрекетлерде өз көринисин тапқан ел – журтымыздың арзыў-үмитлери бүгинги күнде Жаңа Өзбекстан түсинигинде жәмлести».**

Халық ушын оғада әҳмийетли болған феномен ямаса түсиник өз-өзинен тосыннан пайда болмайды. Жаңа

Өзбекстан феномени ҳаққында да соны айтыў мүмкин. Бул түсиник журтымыздың ҳәзирги заман келбетин қәлиплестириў, демократиялық мәмлекет, еркин пуқаралық жәмийетти пайда етиў, Үшинши Ренессанстың фундаментин жаратыўға қаратылған демократиялық реформаларымыздың баслы идеясы сыпатында жүзеге шықты. Соның ушын да елимизде **«Жаңа Өзбекстан – Үшинши Ренессансқа қарай»** деген шақырық ҳәмминиң жүрегинен беккем орын алмақта. Президент Шавкат Мирзиёев ҳәзирги заман жәмийетлик ой-пикир раўажланыўында биринши рет биз мақсет етип отырған «Жаңа Өзбекстан» феноменин ортаға қойды, оған кең түрде түсиндирме берди, оның Үшинши Ренессанс пенен байланысын көрсетти. Президентимиз Шавкат Мирзиёев өз мийнетинде Жаңа Өзбекстан феноменине төмендегише анықламаларды береди:

**Жаңа Өзбекстан – мәмлекетимиз ғәрезсизлигин және де беккемлеў, еркинлик ҳәм азатлықтың жаңа дәўири, дөретиўшилик ҳәм пәраўанлық жолының жоқары басқышыдур.**

**Жаңа Өзбекстан – бул «Халық мәпи ҳәмме нәрседен уллы» деген әдиўли идея әмелий ислер менен өз тастыйықлаўын таўып атырған зәминдур.**

**Жаңа ҳәм жаңа үй-жайлар, заманға ылайық кәрханалар, тәлим, медицина, мәдeният ҳәм спорт орынлары, абат аўыл ҳәм қалалар журтымыз шырайына шырай қосып атырған тарийхый бир дәўирдур.**

**Жаңа Өзбекстан – «Халық мәмлекет органларына емес, мәмлекет органлары халыққа хызмет қылыўы керек» деген шешиўши принцип әмелде өз тастыйықланыўын таўып атырған мәмлекет.**

**Жаңа Өзбекстан – жасы үлкенлерге ҳүрмет, жасы кишилерге иззет, жәрдемге мүтәж инсанлар ҳәм шаңарақларға ҳақыйқый көмек ҳәм жәрдем бериў, меҳир-мүриўбет көрсетиў турмысымыз қағыйдасына айланып баратырған жәмийетлик мәкандур.**

**Жаңа Өзбекстан жәҳән Аўқамы менен, бәринен бурын, жақын қоңсыларымыз менен дослық ҳәм бирге ислесиў есиклери кең ашылып атырған, мәмлекетимиздиң адамларды өзине тартыўшы демократиялық келбети жаратылып атырған бүгинги қайталанбас замандур.**

**Жаңа Өзбекстан – өзгерип, күш-қүдиретке толып баратырған, дүнья халқы тән алып атырған жаңаланған жәмийет, дүньяда өз орнына ийе болып баратырған еркин бир үлкедур.**

Бул пикирлердиң барлығы елимизде басланған реформалар, келешекке қарай тасланған беккем қәдемлеримиздиң даўамыйлығын тәмийинлеў ең тийкарғы ўазыйпамызға айланып баратырғанлығына дәлил болады. Президентимиз шығармасын оқып отырып биз мына пикирдиң ҳақыйқый екенлигине толық исене аламыз: Жаңа Өзбекстан – тосыннан болған ўақыя, әйтеўир дүньяға келип кететуғын өткинши жәмийетлик қубылыс емес. Әйтеўир нәрселерден, яғный «пешшеден пил», қурттай ғана кемшиликлерден, айырым билип-билмес жол қойылған қәтелерден пүткил Өзбекстанды, оның басшылығын, реформалар процессин қаралаўға умтылыўшыларға, оны артқа қайтарыўға ҳәрекет қылыўшыларға халқымыздың жуўабы анық: **Жаңа Өзбекстан бундай кимселер ойлаған жолдан бармайды, реформалар процеси кейинге қайтпайды!**

Жаңа Өзбекстанның дөретилиўи, әлбетте оның ажыралмас бөлеги Жаңа Қарақалпақстанның да пайда болыўын аңлатады. Бул туўралы Президентимиз Шавкат Мирзиёев OʻzLiDeP X – съездинде сөйлеген сөзинде былай деген еди: **«Аўыр экологиялық жағдайға қарамастан, мәмлекетимиз раўажланыўына мүнәсип үлес қосып киятырған Қарақалпақстан Республикасы, оның барлық қала, район ҳәм аўылларын комплексли тәризде раўажландырыў, мийнеткеш ҳәм мәрт, ақ көңил ҳәм баўрыкең қарақалпақ елиниң турмысын абат ҳәм пәраўан етиўге ҳәрқашанғыдан да үстинлирек ҳәрекет қаратамыз.**

**Бизиң жоқары ҳәм баслы мақсетимиз – биргеликте пидәкерлик мийнетимиз менен Жаңа Өзбекстан қурамында Жаңа Қарақалпақстанды қурыў».**

Китаптың **«Халықшыл мәмлекет»** атлы бөлиминде **«Мәмлекет – инсан ушын»** принципи демократиялық реформалардың өлшеми деп қабыл етилип пүткил жәмийет қурылысы ҳәм мәмлекет сиясаты усы принципке тийкарланып алып барылыўы, инсан оның ҳуқықлары ҳәм бахытлылығы мәмлекет сиясаты, барлық мәмлекет органларының ең баслы мақсети болыўы лазымлығы айрықша атап көрсетиледи.

Әлбете, соңғы жыллары инсан ҳуқықлари менен еркинлери ҳәм нызам устинлигин тәмийинлеў бойынша бирқанша жумыслар исленди. Буның тән алыныўы сыпатында Өзбекстанның БМШ ның инсан ҳуқықлары Кеңеси ағзалығына сайланғаны көрсетиў мумкин.

Журтымызда инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлери саласындағы халықаралық рейтинглер ҳәм индекслер бойынша дүньядағы 50 жетекши мәмлекетлер қатарына киритиў баслы стратегиялық мақсет сыпатында белгиленген, жеке ҳәм сиясий ҳуқықларды қорғаў саласындағы баслы бағдарлар көрсетилип берилген. Оларды әмелге асырыў арқалы Жаңа Өзбекстанды демократиялық нызамлар, жоқары ҳуқықый мәдениятқа ийе пуқаралар мәмлекетине айландырыў ўазыйпасы қойылған.

Жаңа Өзбекстан күшли нызамшылық, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятлары, пуқаралық жәмийет институтлары нәтийжелилик пенен ислейтуғын мәмлекет, **«Мәмлекет органлары – халыққа хызмет қылыўдың нәтийжели қуралы»** деген принципине әмел ететуғын демократиялық дүньялық мәмлекет болды.

Президентимиздиң китапта айрықша атап көрсетиуинше, **«Мәмлекет басқарыўда биз ушын жаңа бирақ көплеген раўажланған мәмлекетлерде әмел қылып атырған «Мәмлекет халыққа хызмет көрсетиўи шәрт» идеясын әмелге асырыўды нәзерде тутыўшы «Халықшыл мәмлекет» миллий дәстүри ислеп шығылады, «Мәмлекет хызметкерлери ҳаққында»ғы нызам қабыл етиледи».** Бундағы тийкарғы мақсет Өзбекстан дүньядағы мәмлекет басқарыўы жоқары болған, хабар-коммуникация технологиялары кең жәрияланған 30 мәмлекеттиң қатарына киритиўди тәмийинлеўден ибарат.

**Жаңа Өзбекстан стратегиясы атқарыўшы ҳәкимиятты сөздиң шын мәнисинде халыққа хызмет қылыўшы органға айландырыўды нәзерде тутады.** Китапта нызам дөретиўшилик искерлигиниң сапасын түп-тамырынан жақсылаў **«Өзбекстан Республикасы нызамшылығын раўажландырыў концепциясы»**н ислеп шығыў, жәмийетте нызам үстинлиги ҳәм судьялардың еркинлигин тәмийинлеў, адвокатура институтын беккемлеў, ақырғы есапта Өзбекстанды «Нызам үстинилиги индекси» жоқары дәрежеде болған мәмлекетлер қатарына қосыў ўазыйпасы қойылған.

**«Бизиң, – дейди Президентимиз – қатаң позициямыз халықшыл мәмлекет пайда етиў, инсан ҳуқықларын тәмийинлеў, нызам үстинлигине ерисиў ҳәм еркин пуқаралық жәмийетти және де раўажландырыў болып табылады».**

Китапта экономикалық раўажландырыў мәселесине айрықша итибар қаратылады. Жаңа Өзбекстан модернизацияланған экономикаға тийкарланатуғын, экономикалық пәраўанлыққа ерискен, кең экономикалық имканиятлар мәмлекети болады. **Бул ҳәрбир пуқара бай болса – мәмлекет бай болады, ҳәрбир шаңарақ пәраўан болса – мәмлекет пәраўан болады** дегенди билдиреди. Жаңа Өзбекстан жаңаша экономикалық

көзқарас, жаңаша экономикалық қатнасықлар дегени. Жаңа Өзбекстанның стратегиясы турақлы түрде экономикалық өсиўге қаратылған.

2030-жылға барып экономикалық өсиў темпи 6,3-6,5 %, капитал қуйылмалар 8,-8,5 %, экспорт 9,0-10,0 % болыўы тәмийинленеди. 2030-жылға дейин жалпы ишки өнимниң 2,5 есе көбейтиў, миллий экономиканың қурамында санааттың үлесин 40 % жеткериў бойынша анық мақсетли дәстүрлер әмелге асырылады.

Экономикалық стратегияны әмелге асырыў нәтийжесинде, жакын бес жылда мийнет өнимдарлығы еки есе аттырыў, 2030-жылға шекем ҳақ төленетуғын 10 миллион жаңа ис орынларын жаратыў, жумыссызлық дәрежесин 5,2 пайызға, инфляцияны 15,2 пайыздан 4,3 пайызға түсириў белгиленбекте. Сондай-ақ, жеке мүлкшилик исбилерменликти раўажландырыў, экономика тараўларын модернизациялаў, аўыл хожалығын жоқары пәт пенен раўажландырыў, суў ресурсларынан нәтийжели пайдаланыў, аймақлардың экономикалық раўажланыўын тәмийинлеў, туризмди Өзбекстан экономикасының жетекши саласына айландырыў, санлы экономиканы әмелге асырыў ўазыйпалары китапта ҳәртәреплеме анализлеп ҳәм ол тараўлардағы ўазыйпалар анық белгиленген.

Мәмлекетимиз басшысының шығармасында айрықша бөлимде социаллық бағдардағы реформаларымыздың әҳмийети ҳаққында сөз етилип, барлық арзыўнийетлеримиз, умтылыўларымыз, әдиўли әмеллеримиз, түнди түн, күндизди күндиз демей әмелге асырып атырған илажларымыз – ҳәмме-ҳәммеси бизге үлкен үмит пенен қарап турған халқымыз мәпи ушын әмелге асырылып атырғанлығы ҳәртәреплеме сөз етилди. **«Биз бул бағдардағы, – дейди Журтбасшымыз, – әдиўли ислеримизди даўам еттирип, социал әдалатлылық принципи тийкарында турақлы раўажландырыў стратегиямызды ислеп шықтық ҳәм бул саладағы бар болған машқалаларды сапластырыў бойынша искерлигимизди мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтердик. Өзбекстан тарийхында социаллық сала бойынша бундай кең көлемли ислер бурынлары ҳешқашан болмаған».** Соңғы жыллары халықты социаллық қорғаў мақсетинде пүткиллей жаңа ис усыллары «Темир дәптер», «Ҳаял-қызлар дәптери», «Мәҳәлле кесими» ҳәм «Шаңарақ кесими» нәтийжели әмелге асырылмақта. «Абат аўыл», «Абат мәҳәлле», «Бес әҳмийетли баслама», «Ҳәрбир шаңарақ исбилермен», «Жаслар келешегимиз», «Бир миллион программист» сыяқлы 20 дан аслам мәмлекетлик социаллық дәстүрлер ҳәм концепциялар журтбасшымыздың усыныс менен турмысқа енгизилип, өзиниң унамлы нәтийжесин бермекте. Бул илажларға бурын көрилмеген дәрежеде қаржы бөлип шығарылмақта. Халықты социаллық қорғаў саласында жақын 10 жылда олардың дәраматлары 2,5-3 есеге көбейиўине ерисиледи. Ең кем ис ҳақы жасаў минимум муғдары дәрежесине теңлестириў бойынша мәмлекетлик дәстүр ислеп шығылады. 2026-жылға дейин кәмбағаллық дәрежесин 2 мәртебе кемейтиў илажлары көриледи.

Президентимиз тәрепинен усынылған стратегияның ең әҳмийетли бағдарларының қатарына сапалы ҳәм профессионал медициналық жәрдемди тәмийинлеў, халықтың медициналық мәдениятын арттырыў, адамлар арасында саламат турмыс тәрзи принциплерин үгит-нәсиятлаў, тәлим ҳәм тәрбия саласындағы кешиктирип болмас ўазыйпалар, инновацион раўажланыўдың негизи сыпатында илим-пәнди раўажландырыў, мәмлекет ҳәм жәмийет басқарыўында ҳаялқызлардың ролин беккемлеў, Жаңа Өзбекстанның дөретиўшилери болған жаслар бойынша сиясатты алып барыў киритилген ҳәм бул тараўлардың ҳәркайсысы бойынша әмелге асырылатуғын ислер айқын көрсетилген.

Жаңа Өзбекстанды қәлиплестириўде мәнаўий ҳәм мәрипий саладағы реформалар ҳәм оларды және де тереңлестириў шешиўши әҳмийетке ийе. Президентимиз айтқанындай, ҳәммемиз жақсы түсинемиз, егер жәмийет турмысының денеси экономика болса, оның жаны ҳәм руўхы – мәнаўиятдур. Биз Жаңа Өзбекстанды пайда етиўде мине усы еки беккем үстинге, яғный, базар принциплерине тийкарланған күшли экономикаға ҳәм ата-бабаларымыздың бай мийрасы, миллий ҳәм улыўмаинсаный қәдириятларға тийкарланған күшли мәнаўиятқа таянамыз. **«…Мәнаўият – жәмийеттеги барлық сиясий-жәмийетлик мүнәсибетлердиң мазмуны ҳәм сапасын белгилейтуғын фундаментидур. Бул фундамент қанша беккем болса халық та, мәмлекет те соншелли күшли болады».**

Ҳәзирги глобалласыў дәўиринде түрли бузғыншы идеялардың миллий қәдириятларымызға топылысы, терроризм, экстремизм, «ғалабалық мәдений», трансмиллий ҳәм кибер жынаятшылық, адам саўдасы, наркотрапик, глобал пандемия қәўип-қәтерлердиң қәўпи барған сайын күшейип бармақта. Мине усындай жағдайда жәмийетимизде мәнаўий тәрбияның роли кескин артып бармақта. Руўхый жақтан қырағы ҳәм сергек болып жасаў, жасларды миллий ҳәм улыўмаинсаный қәдириятлар руўхында тәрбиялаў, оларда идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў талап етилмекте.

Мәнаўий тәрбияның сапасын кескин арттырыў мақсетинде **«Өзбекстанның 2022-2032-жылларға арналған мәнаўий раўажланыў стратегиясы», «Жаңа Өзбекстан – мәрипатлы жәмийет» концепциясы ҳәм оны әмелге асырыў миллий дәстүри** исленип шығылады. Мәмлекетимизде жаратылатуғын мәнаўий тәрбия системасының жаңа стратегиясы пүткил халқымызды, әсиресе, жасларымыз арасында жүргизилетуғын мәнаўий-мәрипий жумыслардың сапасын ҳәм мазмунын жаңа басқышқа көтериўди тәмийинлейди. Бул саладағы баслы ўазыйпаны көрсетип Журтбасшымыз былай деди: **«…Халқымыз, әсиресе, жасларымыздың интеллектуал уқыпларын ҳәм дүньяға көзқарасын байытыў Ўатансүйгишлик, халыққа муҳаббат ҳәм садықлық сезими менен жасайтуғын бәркамал әўладты тәрбиялаў – бизиң ең жоқары мақсетимиздур. Бул салада илим-пән, мәдения ҳәм искусство, әдебият ҳәм көркем дөретиўшилик салаларының мәмлекетимиз раўажланыўындағы орны ҳәм тәсирин және де күшейтиўге қаратылған айрықша дәстүрлер қабыл қыламыз».**

Президентимиз шығармасында жәмийетимизде тынышлық ҳәм турақлылық, миллетлераралық татыўлық ҳәм диний кеңпейилликти тәмийинлеўге айрықша итибар берилген. Елимизде диний ағартыўшылық тараўында үлкен ислер әмелге асырылмақта. Ислам цивилизациясы орайы, Имам Бухарий, Имам Термизий, Имам Матуридий халықаралық илимий изертлеў орайлары, Өзбекстан халықаралық Ислам академиясы, Ҳәдис ҳәм Калам мектеплери шөлкемлестирилди. БМШның Бас Ассамблеясының 72-сессиясында **«Мәрипий ҳәм диний баўрыкеңлик»** деп аталған айрықша Резолюциясының Өзбекстан тәрепинен ортаға қойылыўы ҳәм оның қабыл етилиўи журтымыздағы дин саласындағы сиясаттың дүнья халықлары тәрепинен тән алыныўы болды. Президентимиз тәрепинен әмелге асырылып атырған миллетлераралық татыўлық ҳәм динлер ара кеңпейиллик Жаңа Өзбекстан стратегиясында әҳмийетли орын тутады, бул сиясат изшил даўам еттириледи.

Китаптың «**Қәўипсизлик ҳәм сыртқы сиясат**» атлы болиминде көрсетилиўинше, Жаңа Өзбекстанның сыртқы сиясаты өз-ара пайдалы ҳәм әмелий сиясат болады. Қоңсы мәмлекетлер менен дослық ҳәм бирге ислесиў қатнасықлары түп-тийкарынан жақсыланады, регионаллық ҳәм халықаралық машқалаларды бирликте

шешиў әмелге асырылады. Халқымыз ҳәм Ўатанымыздың мәплерин есапқа алған ҳалда ҳәрқандай әскерий-сиясий блокларға қосылмаслық, басқа мәмлекетлердиң әскерий базалары ҳәм объектлериниң Өзбекстан территориясына жайласыўына, сондай-ақ, әскерий хызметкерлеримиздиң мәмлекетимиз территориясынан сыртта болыўына жол қоймаўшылық буннан кейин де мәмлекетимиздиң қатаң сиясий позициясы болып қалады. Республикамыздың қорғаныў потенциалын беккемлеў, Өзбекстан Республикасы Қураллы Күшлериниң әскерий қүдирети ҳәм уқыбын арттырыў бойынша кең көлемли реформалар даўам еттириледи. Ашық ҳәм прагматикалық жедел сыртқы сиясатты әмелге асырыў үстинликке ийе ўазыйпа болып қалабереди.

БМШ ҳәм оның институтлары менен бирге ислесиў дәрежеси буннан кейин де артып барыўына ерисиледи.

Китаптың «Өзбекстан ҳәм улыўма адамзатлық машқалалар» деп аталған бөлиминде Өзбекстанның раўажланыўына дәўиримиздиң глобал машқалаларының тәсири, радикализм, экстремизм, терроризмниң турақлы раўажланыўға зияны, улыўмаадамзатлық арзыў-әрманы болған коррупциясыз дүньяны қәлиплестириў, кәмбағаллықты сапластырыў, қәўипсиз, тәртипли ҳәм нызамлы мийнет миграциясын әмелге асырыў ҳәмде нәтийжели миграция сиясатын жүритиў, пандемияның қәўпи ҳәм оған қарсы гүресиў тәжирийбемиз ҳаққында илимий тийкарланған терең мазмунлы пикирлер ортаға қойылады. Усы бөлимде климат өзгерислери, экологиялық апатлар, Арал ҳәм ана тәбиятты асыраў зәрүрлиги айрықша сөз етиледи.

Ҳәзирги заманның ең өткир экологиялық проблемаларының бири Арал апатшылығы екенлигине Президентимиз Шавкат Мирзиёев БМШның Бас Ассамблеясының сессияларында дүньяжүзилик аўқамға бийкарлап болмас дәлиллер менен исендирди, оны шешиўге барлық мәмлекетлерди жедел қатнасыўға шақырды. Теңиздиң қурыў менен 5,5 миллион гектардан артық майданда Арал қум сахрасы пайда болды. Ҳәр жылы 100 миллион тонна қум, дуз ҳаўаға көтерилип тәбиятқа ҳәм инсанларға апатшылық келтирмекте. Бул проблеманы шешиў бойынша БМШ бирликте Арал бойы регионында инсан қәўипсизлигин тәмийинлеў бойынша Трастфонды шөлкемлестирилди. 2021-жылы 18-майда БМШ Бас Ассамблеясында «Арал бойы регионын экологиялық инновация ҳәм технологиялар аймағы» деп жәриялаў ҳаққында Өзбекстанның басламасы ҳәм 50 абырайлы мәмлекеттиң қатнасыўында ислеп шығылған резолюция қабыл етилди. Алдымыздағы жылларда бул ҳүжжетлерди орынлаў бойынша системалы ҳәм комплексли илажларды әмелге асырыў белгиленбекте. Арал теңизиниң қурыған түбинде ҳәзир егилгенлерине қосымша 500 000 гектар жасыл майданларды ҳәр жылы жаратыў ҳәм олардың көлемин 2,5 миллион гектарға жеткериў нәзерде тутылмақта.

Раўажланыў стратегиямызға муўапық әтирап-тәбийғый орталыққа, халықтың денсаўлығына ҳәм геофондына зиян келтириўши экологиялық машқалалардың алдын алыў, адамларымыздың экологиялық мәдениятын арттырыў ҳәм елимизде биологиялық көп түрлиликти сақлаў тийкарғы мақсетлеримизден деп қаралмақта.

**«Жаңа Өзбекстан стратегиясы»** атлы Президентимиз Шавкат Мирзиёевтиң шығармасы журтымызда Жаңа Өзбекстан жәмийетиниң келбетин жаратыў, дүньяның ҳешбир аймағында әмелге аспаған, ҳәтте, мақсет те етип қойылмаған, елимизди Үшинши Ренессанс басқышына көтериў, оған сай социал-экономикалық раўажланыўға ерисиў, халқымызға еркин, абат ҳәм абадан турмыс жаратып бериў программасы болып табылады. Китапта ортаға қойылған мәселелер, шешимлер, жуўмақлар елимиздиң барлық пуқараларының, әсиресе, жасларымыздың келешек тағдирин белгилейтуғын баҳалы пикирлер болып, оларды терең ҳәм ҳәр тәреплеме үйрениў, оларды өз жүрегиңе ҳәм қәлбиңе сиңдириў, оларды әмелге асырыў ушын пүткил күш-қүдиретиңди, ақыл-ойыңды, жигериңди жумсаў, пидайылық көрсетиў бүгинги күнниң талабы болып табылады. Өйткени, китаптың пүткил мазмуны халқымыздың материаллық ҳәм руўхый мәдениятын раўажландырыўға, адамларымыздың турмыс дәрежесин жақсылаўға, ҳәрбир инсанның руўхый дүньясын заман талабына сай өзгертиўге, әсиресе, жас әўладтың қәлби ҳәм санасын түрли зиянлы идеялар тәсиринен қорғаўға қаратылған.

Китаптағы идеяларды барлық идеялық ҳәм идеологиялық қураллар арқалы путкил халқымыз санасына жеткериў, барлық дәрежедеги оқыў орынларында оны пән сыпатында үйрениў ҳәм китапты қарақалпақ тилине аўдарып басып шығарыў кешиктирип болмас ўазыйпалардан деп есаплаймыз. Алда турған ўазыйпаларды орынлаўда елимиз басшысы Шавкат Мирзиёевтиң өзиниң жемисли искерлиги, тапқырлығы, мәртлиги, ҳәрқандай қурамалы мәселениң түпкиликли мәнисин тез аңғарып өз ўақтында шеше алыўы ҳәммемиз ушын өрнек болыўы тийис.

Пикиримизди Президентимиздиң мына сөзлери менен жуўмақлаўды мақул көрдик: **«Турмыс алдымызға және көплеген сынаў ҳәм машқалаларды қойыўы мүмкин ҳәм биз ҳәрқандай күтилмеген жағдайларға таяр турыўымыз зәрүр. Бирақ қәншелли көп машақатлы ҳәм қурамалы болмасын, демократиялық реформалар жолынан ҳешқашан кейинге қайтпаймыз. Алға, тек алға қарап барамыз. Ҳәм биз буған ҳәр тәреплеме таярмыз. Себеби бүгинги халқымыз – кешеги халық емес. Бүгинги Өзбекстан да – кешеги Өзбекстан емес. Демократиялық реформалар жолы – биз ушын бирден бир ҳәм ең туўры жолдур».**

**«Исенимим кәмил, биз Жанажан Ўатанымызға болған шексиз меҳримиз ҳәм садықлығымызды муқаддес байрақ етип, бар билим ҳәм тәжирийбемиз, билим ҳәм күш-жигеримизди иске қосып, бирден бир халық, бирден бир миллет болып, гөзлеген ийгиликли мақсетлеримизге, әлбетте, жетемиз.**

**Жаңа Өзбекстан дүнья жүзи майданында күшли потенциал, мүнәсип абырай-мәртебеге ийе болған, ҳәртәреплеме абадан мәмлекетке айланады».**

Әлбетте, бул уллы ўазыйпаларды орынлаўға жедел қатнасыў ҳәрбир жәмийетимиз ағзасының әдиўли ўазыйпасы ҳәм ўатан алдындағы перзентлик миннети болып табылады!

**Әдебиятлар**

1. Мирзиёев Ш.М Янги Ўзбекистон стратегияси. -Т.: «O'zbekiston», 2021.
2. Мирзиёев Ш.М. Жаңа Өзбекстан раўажланыў стратегиясы тийкарында демократиялық реформалар жолын исенимли даўам еттиремиз (жаңадан сайланған Өзбекстан Республикасы Президенти лаўазымына кирисиў салтанатлы мәресимине бағышланған Олий Мәжлис палаталарының қоспа мәжилисиндеги сөзи).
3. Мирзиёев Ш.М. Егер экономика- жәмийеттиң организми болса, оның руўхы ҳәм жаны мәнаўият болып табылады. /«Еркин Қарақалпақстан», 21 январь 2021.
4. Мирзиёев Ш.М. Жаңа Өзбекстан демократиялық өзгерислер, кең имканиятлар ҳәм әмелий ислер мәмлекетине айланбақта («Янги Ўзбекистон» газетасының бас редакторы сораўларына жуўаплар). / «Еркин Қарақалпақстан», 19 август 2021.